



ASESMEN MADRASAH BERBASIS KOMPUTER
MI HIDAYATUL MUHTADIIN DEMPEL
DS. DEMPEL, KEC. GENENG, KAB. NGAWI
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Nama Madrasah	: MI Hidayatul Muhtadiin	Hari	:	
		Dempel		
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Tanggal	:	
Kelas	: VI (Enam)	Waktu	:	90 Menit

I. Isilah tanda huruf A, B, C, atau D di dalam kotak jawaban yang telah disediakan!

- Teks kang isine kumpulan data utawa fakta kang wis diolah satemah nduweni makna kanggo pamacane diarani teks ...
 - Dheskripsi
 - Eksposisi
 - informasi
 - narasi
- Ing ngisor iki jinis-jinis teks informasi, kajaba ...
 - Teks fiksi
 - Teks pariwisata
 - teks pawarta
 - teks persuasi

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 3- 5!

Kahanan kali saiki sangsaya nggegirisi. Kali-kali padha buthek lan reged jalaran kena polusi. Polusi kasebut disebabake dening tumpukan uwuh yaiku uwuh pomahan lan limbah pabrik. Uwuh lan limbah kasebut ngrusak ekosistem kali.

Ora among banyune, kewan sarta tanduran kang urip ing kali kena dampak polusi. Iwak-iwak ing kali padha ilang jalaran kaline kebak uwuh, unthuk limbah, lan banyu limbah pabrik. Supaya kali tetep bisa lestari, ayo awake dhewe njaga kali wiwit saiki! Aja mbuwang uwuh lan limbah ana kali. Satemah kali bisa bening lan resik kaya jaman biyen.

- Wacan kasebut klebu jinis teks ...
 - Persuasi
 - Pawarta
 - Dheskripsi
 - Narasi
- Irah-irahan kang trep karo wacan kasebut, yaiku ...
 - Njaga Polusi Kali
 - Njaga Ekosistem Kali
 - Aja Mbuwang Uwuh
 - Aja Ngrusak Kali
- Ing ngisor iki panyebab polusi ing kali, kajaba ...
 - Akeh wit enceng gondhok
 - Tumpukan uwuh
 - Limbah pomahan
 - Limbah pabrik
- Tembang macapat klebu jinis ...
 - Kasusastran jawa
 - Tembang ageng
 - tembang dolanan
 - unen-unen jawa

7. Tembang macapat kang nggambarake mangsa tuwane manungsa kang ngungkurake kadonyan yaiku ...
- A. Dhandhanggula C. Pangkur
B. Maskumambang D. Pocung
8. Tembang sing diripta dening kanjeng Sunan Kalijaga yaiku ...
- A. Dhandhanggula C. Pangkur
B. Durma D. Megatruh

Cakepan tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 9-10!

Pancen ampuh pancasila
Mratandhani tunggal budi pakarti
Iku prajanten kang luhur
Urip tentrem raharja
Kanggo pandom guyub rukun trus ambangun
Uga dhasaring nagara
Paugeran kang wigati

9. Guru wilangane gatra kalima, yaiku ...
- A. 8 C. 11
B. 10 D. 12
10. Guru wilangan lan guru lagu tembang kasebut yaiku ...
- A. 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i C. 8u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i
B. 9a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i D. 9u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i
11. Aku seneng mertamu menyang omahmu, amarga suguhane mbanyu
- A. Anyep C. enak
B. Mili D. mampet
12. “Mikul dhuwur mendhem jero”
- Ukara ing nduwur tegese ...
- A. Bisa njunjung drajate wong tuwa lan nutup wadine kaluwarga
B. Dituturi bola-bali meksa ora digugu
C. Ngoyak barang sepele, kelangan barang kang luwih aji
D. Tumindak ala kanthi kongkonan wong liya
13. “Sepi ing ... rame ing gawe”
- Tembang sing cocog kanggo ngisi unen-unen kasebut yaiku ...
- A. Omah C. Tuku
B. Pamrih D. Tulung
14. Saben papan utawa dhaerah nduweni adat utawa tatacara dhewe-dhewe, kaya unen-unen ...
- A. Ana catur mungkur C. desa mawa cara Negara mawa tata
B. Adigang adigung adiguna D. jer basuki mawa beya
15. Jinise basa kang digunakake Dimas nalika srawung karo kanca sekelase yaiku ragam basa ...

- A. Ngoko
- B. Krama lugu
- C. krama inggil
- D. kadhaton

16. Karangan kang isine nggambarake sawijining objek (bisa panggonan utawa wewujudan liyane) kanthi trewaca kaya-kaya sing maca paragraph iki ngerti dhewe objek kang digambarake ana ing paragraph diarani ...

- A. Dheskripsi
- B. Eksposisi
- C. informasi
- D. narasi

17. Bedane wacan dheskripsi lan wacan prosedur, yaiku ...

- A. Dheskripsi njlentrehake tahapane gawe utawa nganggo samubarang, menawa prosedur nggambarake samubarang kanthi trewaca
- B. Dheskripsi nggambarake samubarang kanthi trewaca, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo
- C. Dheskripsi njlentrehake saweneh bab kanthi bukti-bukti kang kuwat, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang
- D. Dheskripsi nyritakake ngaggo urutan wektu, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang

18. Saben dhaerah iku nduweni crita rakyat dhewe-dhewe. Kayat ing jawa timur ana asal usul kutha Surabaya. Salah sawijine titikan crita rakyat yaiku kolektif kang tegese ...

- A. Isine mung khayal utawa ora nyata
- B. Diduweni dening kabeh masarakat
- C. Ora dimangerteni sapa sing ngarang
- D. Disebarake kanthi cara lesan

19. Idhe pokok kang dadi dhasar crita rakyat diarani ...

- A. Amanat
- B. Tema
- C. latar
- D. alur

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 20-21.

Ing sawjining dina, putrane Raden werkudara lan Dewi Arimbi mijil. Bayi kang dilairake dening Dewi Arimbi awujud raksasa. Nganti umur setaun ari-arine jabang bayi isih nempel durung bisa puput. Putrane raden werkudara lan dewi arimbi mau diwenehi jeneng Tetuka. Nalika diwasa, dheweke ingaran Gathutkaca.

20. Gathutkaca iku putrane ...

- A. Prabu pandhu dewanata
- B. Prabu Tetuka
- C. raden werkudara
- D. Bathara Narada

21. Irah-irahan kang trep miturut wacan ing dhuwur yaiku ...

- A. Raden wekudara
- B. Kraton ngastinopuro
- C. laire gathutkaca
- D. putrane raden werkudara

22. Ing ngisor iki klebu unsur intrinsik crita rakyat , kajaba ...

- A. Paraga
- B. Gaya Bahasa
- C. alur
- D. tema

23. Crita kang ngrembaka ana ing satengahing masarakat diarani ...

- | | |
|--------------------|-----------------|
| A. Cerita rakyat | C. cerita cekak |
| B. Cerita legendha | D. crita sage |

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 24-26.

Satriya pandhawa iku kabeh ana lima. Sing mbarep ingaran Yudhistira utawa Puntadewa. Banjur werkudara, Arjuna, Nakula, lan Sadewa. Yen saka urutan umur, Arjuna iku anak nomer telu. Mula saka kuwi, Arjuna sinebut satriya “Panengah Pandhawa”. Diarani Pandhawa saka tembung Pandhu lan hawa kang tegese ‘anak’. Dadi cethane, pandhawa iku tegese ‘anak Pandhu’. Ing pewayangan arjuna kondhang baguse. Kajaba kuwi arjuna uga kondhang kasektene. Mula, ora nggumunake yen arjuna tandah menang ing palagan. Aji-ajiane arjuna ing antarane Palimunan, tunggengmaya, lan sepiangin. aji palimunan iku njalari arjuna bisa ngilang

24. Wacan kasebut nyritakake tokoh wayang ...
- | | |
|-----------|--------------|
| A. Janaka | C. sadewa |
| B. Nakula | D. werkudara |
25. Ajian kang marakake raden arjuna bisa ngilang yaiku ...
- | | |
|---------------|-----------------|
| A. Sepiangin | C. palimunan |
| B. Rawerontek | D. tunggengmaya |
26. Satriya pandhawa iku kabeh ana ...
- | | |
|---------|---------|
| A. Siji | C. loro |
| B. Telu | D. lima |
27. Geguritan asale saka tembung ...
- | | |
|-----------|----------|
| A. Rattan | C. ritan |
| B. Gurit | D. gegu |
28. Yen isine geguritan iku sedhih, polatane sing maca kudu ...
- | |
|---|
| A. Katon bungah supaya sing ngrungokake melu bungah |
| B. Katon seneng supaya ngrungokake melu seneng |
| C. Katon sedhih supaya sing ngrungokake melu sedhih |
| D. Katon semangat supaya sing ngrungokake melu semangat |
29. Ing ngisor iki patrap sing bener nalika maca geguritan yaiku ...
- | |
|---|
| A. Awak jejeg luwes lan ora katon kaya kaku lan digawe-gawe |
| B. Awak bungkok |
| C. Pocapan kudu jelas tegas lan ora bindheng |
| D. Tangane ndhaplang |

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 30-31.

Jumat asri

Resik lan sehat
Cancut tali wanda
Nandur kabecikan
Cilik gedhe bagus ayu

Ora mung padha gumuyu
 Ora tinggal glanggang colong playu
 Tumuju adiwiyata murih rahayu
 Crah agawe bubrah
 Rukun agawe santosa
 Guyub rukun kaya sapu sada

30. Irah-irahan kang trep kanggo geguritan ing dhuwur yaiku ...
- | | |
|----------------|---------------------------|
| A. Guyub rukun | C. jumat asri |
| B. Sapu sada | D. adiwiyata Murih Rahayu |
31. Piwulang sing bisa kok jupuk saka geguritan ing dhuwur yaiku ...
- | |
|--|
| A. Kudu gotong royong ing bebrayan |
| B. Manungsa ing Donya bisa urip dhewe, ora prelu liyan |
| C. Crah karo tangga teparo perkara lumrah |
| D. Resik-resik iku dudu kuwajiban manungsa |

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 32-33.

Asrine Wana

Adoh saka ramene janma
 Ana wana sing katon amba
 Ijo royo-royo sedhep disawang netra
 Sisa-sisa kaendahan Donya

Swara kewan-kewan saut-sautan
 Manuk lan munyuk dolanan ing wit-witan
 Ing tengah wana dilewati kali
 Banyune mili nentremke ati

Muga-muga iki wana tansah ana
 Nganti Donya nemoni pungkasan
 Aja nganti iki wana malah sirna
 Amarga dipangan majune jaman

32. Papan panggonan ing geguritan kasebut yaiku ...
- | | |
|----------|----------|
| A. Kebon | C. Taman |
| B. Sawah | D. Alas |
33. Wana kang digambarake ana ing geguritan iku katon ...
- | | |
|-----------|------------|
| A. Asri | C. crah |
| B. Bubrah | D. gundhul |

Ha	Na	Ca	Ra	Ka
Da	Ta	Sa	Wa	La
Pa	Dha	Ja	Ya	Nya
Ma	Ga	Ba	Tha	Nga

34. . **ꦭꦤꦏꦸꦲꦤ꧀**

Aksara ing dhuwur iku diwaca ...

- A. Wajan ireng
- B. Mangan wajik
- C. wajik ireng
- D. mangan roti

35. Tembung rujak nanas yen ditulis aksara jawa dadi ...

- A. **ꦭꦤꦏꦸꦲꦤ꧀**
- B. **ꦭꦤꦏꦸꦲꦤ꧀**
- C. **ꦭꦤꦏꦸꦲꦤ꧀**
- D. **ꦭꦤꦏꦸꦲꦤ꧀**